

NAMA :

KELAS :

Pelajaran

2

KESEHATAN

Standar Kompetensi:

Mampu mengungkapkan pikiran, perasaan, serta keinginan secara tertulis dalam mengisi formulir, menulis kejadian, melengkapi karangan, menulis pidato, menulis berita, dan menulis riwayat hidup.

Kompetensi Dasar:

- Membaca pidato / biantara
- Mengisi isian / formulir
- Menyimak berita radio/televisi
- Menceritakan hasil pengamatan

Bahan Pangajaran 1

A. MACA (Membaca)

a. Bacalah pidato di bawah ini!

Assalamualaikum warahmatullahi wabarakaatuh

Sadaya puji mung kagungan Allah SWT. Alhamdulillah dina dangét ieu urang sadaya dipaparin kaséhatan saréng kaberkahan dugi ka tiasa kempel di tempat anu penuh kabingahan.

Parasaderek nu ku sim kuring dipihormat, dina waktos ieu sim kuring badé medar perkawis kasakit Demam Berdarah.

Hadirin sadaya!

Saleresna mah urang sadaya ogé parantos terang naon atuh kasakit demam berdarah téh? Demam berdarah téh panyakit akibat urang teu malirékana kabérsihan. Runtah nalambru sapaparat jalan. Pabalatak di juru pakarangan. Kitu deui di susukan atawa kamalir caina diantep ngeuyumbeu. Runtahna nyocokan jeung mendet kana jalanna cai. Lamun diantep terus bisa jadi sarang reungit. Reungit eta bisa nimbulkeun panyakit demam berdarah.

Hadirin sadaya!

Panyakit demam berdarah ngagaduhan ciri-ciri nyaéta dingawitan ku awak panas ngadadak, antara 38-40 derajat Celcius, narokrok beureum dina kulit, beureumna téh akibat tina bituna pembuluh darah. Lamun seug dipariksa getih katangén yén turunna kandungan trombosit.

Nu ngalantarankeun katarajang “demam berdarah” nyaéta alatan virus *dangué* nu dibawa ku reungit (nyamuk *Aédés Aegypti*). Panyakit “demam berdarah” bisa disinglar ku cara ngabasmu sayang reungit ku program 3M nyaéta menguras, menutup, jeung mengubur. Salain ku kitu diayakeun “*foging*/pengasapan”.

Hadirin sadaya!

Rupina sakitu baé biantara ti sim kuring ngeunaan demam berdarah, mudah-mudahan aya mangpaatna kanggo urang sadaya. Hapunten bilih aya kalepatan, Wassalamu’alaikum warahmatullahi wabarakaatuh.

b. Harti Kecap (Makna Kata)

awak	: badan	maliré	: dibiarkan
berséka	: hidup bersih	medar	: menyampaikan
dingawitan	: dimulai	mendet	: menghalangi
dipaparin	: diberi	pabalatak	: berantakan
getih	: darah	pakarangan	: halaman
kabingahan	: kebahagiaan	reungit	: nyamuk
kagungan	: kepunyaan	susukan	: kali
kalepatan	: kesalahan		

c. Jawablah Pertanyaan di bawah ini!

1. Mana anu jadi bubuka dina biantara di luhur?
2. Naon anu jadi pedaran / eusi biantara di luhur?
3. Keur saha eta eusi biantara ditujukeunana?
4. Naon tema biantara di luhur?
5. Mana nu jadi panutup biantara di luhur?

Bahan Pangajaran 2

B. NULIS (Menulis)

a. Menulis/mengisi Formulir sederhana

Bacalah contoh formulir di bawah ini!

FORMULIR PENDAFTARAN PASANGGIRI TINGKAT KOTA DEPOK	
Wasta	: Diana Putri Safitri
Nenehna	: Diana
Tempat / tanggal lahir	: Depok, 2 Juli 1999
Rama	: Asep Saefullah
Ibu	: Siti Nuraeni
Atikan	: Kelas 6 SDN Darmajaya
Pangresep	: Nembang
Alamat	: Jalan Mawar Blok B2 No. 7c Kelapa Dua
Pamilon	: Kawih wawakil ti Kecamatan Cimanggis
Foto 3 x 4	Depok, 11 Januari 2017 Pamilon, DIANA PUTRI SAFITRI

b. Pancen

Jieun formulir pendaftaran sakola hidep keur ka SMP!

Bahan Pangajaran 3

C. NGAREGEPKEUN (Menyimak)

a. Menyimak Berita Radio / Televisi

Bacalah berita di bawah ini!

BERITA RADIO

Harita isuk-isuk kenéh Supriyadi ngahaja nyetel radio, anu disetelna gelombang RRI Bandung. Sabab Supriyadi sieun katinggaleun berita anu biasa disiarkeun tiap jam 06.00 isuk.

Kieu wartana :

Wilujeng enjing pemirsa, berita nu munggaran. Di sababaraha desa di Kabupaten Bandung masyarakatna katarajang kasakit wabah Difteri. Di puskesmas sarta di rumah sakit pinuh ku pasien anu katarajang kasakit Difteri, utamana barudak.

Pamarentah Daerah Kabupaten Bandung ayeuna keur ngadata pasien-pasien anu katarajang kasakit Difteri. Kepala RSUD Majalaya, dokter Yuliana waktos dikonfirmasi negeskeun tarekah Pemda, yen pasien Difteri bakal dibebaskan tina sagala biaya rumah sakit.

b. Pancen (Tugas)

Teangan ku hidep berita tina radio, televisi atawa Koran, ringkes deui eusi beritanya tuluy jieun di handapna komentar hidep!

Bahan Pangajaran 4

D. NYARITA (berbicara)

a. Menceritakan hasil pengamatan

Wacana sambutan

Berikut ini disajikan sambutan dari Kepala Sekolah pada waktu kerja bakti. Bacalah dengan intonasi yang benar!

Wilujeng enjing wargi sakola

Wargi sakola anu baragja, simkuring salaku Kepala Sekolah SDN Jaya Bakti ngaraos bingah ninggal murid sareng guru dina raraga kerja bakti miara lingkungan sakola anu geus jadi salah sahiji kawajiban urang sarerea.

Para wargi sakola, lamun lingkungan alam henteu di jaga tangtu bakal ngarugikeun urang sadaya, misalna runtah tilas jajanan teu di piceun kana tempatna, Kelas anu tara di sapukeun jeung WC nu tara di beresihan bisa ngadatangeun panyakit.

Lingkungan sakola anu beresih gede pisan mangpaatna ka urang sadaya. Diantarana lingkungan sakola beresih, kelas betah keur di ajar, jeung wc teu jadi sumber panyakit. Miara lingkungan sakola mangrupikeun kawajiban kabeh warga sakola. Ku kituna di perlukan kasadaran jeung kedisiplinan dina ngalakukeun kerja bakti miara lingkungan sakola.

Sakitu payambut ti simkuring, hayu urang mimitian kerja bakti ieu.

UJI KOMPETENSI 1

I. Pilih huruf a, b, c atau d di depan jawaban yang benar!

- Rupina sakitu baé biantara ti sim kuring ngeunaan demam berdarah, mudah-mudahan aya mangpaatna kanggo urang sadaya. Hapunten bilih aya kalepatan. Kalimat di luhur kaasup kana bagian ... biantara
a. Bubuka c. Panutup
b. Eusi d. Salam
- Nu kaasup kana kalimat bubuka biantara nyaéta
a. Hapunten bilih aya kalepatan
b. Wilujeng patepang para hadirin sadayana
c. Mung sakitu nu kapihatur ti sim kuring
d. Ngajaga kaberesihan lingkungan gede pisan mangpaatna kanggo urang sadaya
- Susunan biantara nyaéta
a. Bubuka, salam, eusi
b. Bubuka, eusi, panutup
c. Eusi, salam, panutup
d. Eusi, panutup, salam
- Daftar riwayat hirup jenis formulir anu eusina data
a. Sorangan c. Kolot
b. Batur d. Guru
- Formulir anu aya di puskesmas nyaéta
a. Pamilon c. Daftar riwayat
b. Kaséhatan d. Daftar sakola
- Anu maca warta radio disebut
a. Reporter c. Penyiar
b. Wartawan d. MC
- Warta radio kaasup kana media
a. Elektronik c. Sora
b. Cetak d. Koran
- Panyakit anu dibalukarkeun ku reungit nyaéta
a. Difteri c. Influenza
b. ISPA d. DBD
- Berséka* ngajaga kabersihan awak urang jeung lingkungan imah. Kecap anu dicetak miring ngabogaan arti
a. Menjaga diri c. Berantakan
b. Hidup bersih d. Kotor
- Lingkungan anu ngagambarkeun loba runtah jeung bau nyaéta
a. Sakola
b. Walungan
c. Kebon
d. Pamiceunan runtah

II. Tekan dan tarik jawaban di dalam kotak untuk melengkapi setiap kalimat dengan tepat!

imunisasi	diinfus	nyemes	amenia	folio
dioperasi	hipertensi	ngojay	diimunisasi	finis

- Adina Titi keur di Posyandu.
- Kasakit tulang lantaran virus disebut
- Nu lumpat paheula-heula tepi ka garis
- Gatot keur Make gaya dada
- Dina poli mah kudu aya tukang
- Pasen nu geus payah mah biasana
- Nu nyeri usus buntu téh rék
- téh supaya awak tahan panyakit
- Kasakit kakurangan sel getih beureum disebut
- Kasakit darah tinggi disebut

